

Kondisyon Vaksinasyon 2009-2010

Afich la te Revize: Abril 2009

Vaksinasyon	Pre-K	K	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12
♥ 1 MMR (yon vaksen)	X													
♥ 2 MMR (two vaksen)		X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
♦ POLIO (4 dòz)	♦♦♦	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
● DPT/DTaP (5 vaksen)	♦♦♦	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
■ Tdap (yon vaksen)									X					
▣ Td or Tdap										X	X	X	X	X
Hepatitis B Series (3 vaksen)	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X
◇ Hib	X													
— Varicella (yon vaksen oswa prèv ou te fè maladi a)	X			X	X	X	X	X	X	X				
— Varicella (2 vaksen swar prèv ou te fè maladi a)		X	X											

X Vle di vaksen ki obligatwa pou chak klas

Yo mande pou mete elèv ki pa obeyi lwa vaksinasyon yo deyò nan lekòl la.

(Y'ap konsidere kòm valab vaksen elèv la te pran 4 jou anvan entèval dat la oswa anvan laj li rive pou l te pran l.)

- ♥ Timoun nan dwe pran vaksen lawoujòl, malmouton ak ribyòl (MMR) nan dat premye anivèsè li oswa apre dat sa a.
- ♥ Y'ap mande timoun k'ap antre, ki deja, oswa k'ap transfere, depi klas Jaden Danfan jiska 12èm ane nan lekòl nan Florid yo pou yo gen dokiman ki montre yo pran yon dezyèm dòz vaksen pou malmouton ak ribyòl (lawoujòl Alman), anplis kondisyon yo mande pou yo pran 2 vaksen lawoujòl la. Timoun nan dwe pran 2 dòz vaksen lawoujòl la nan lespas 28 jou chak, e li dwe pran premye vaksen an nan dat premye anivèsè li oswa apre dat sa a.
- ♦ Si timoun nan te pran twazyèm dòz polyo a nan dat 4èm anivèsè li oswa apre dat sa a, li pa bezwen yon 4èm dòz.
- Si li te pran 4èm dòz DPT/DTaP a nan dat 4èm anivèsè li oswa apre dat sa a, li pa bezwen yon 5èm dòz. Yo ka konsidere kòm konplè ak 3 dòz vaksen elèv ki gen laj soti 7 pou rive 12 lane (anvan klas 7^{èm} ane) e yon enfimyè RN dwe bay yon evalyasyon pou elèv sa yo.
- Yo mande pou elèv k'ap antre, k'ap refè oswa k'ap transfere, nan klas 7èm ane pou yo pran yon dòz Tdap. Elèv ki resevwa yon dòz vaksen Td, 2 a 5 ane anvan yo antre nan 7èm ane, dwe resevwa yon Egzonerasyon Medikal Tanporè (DH-680 Part B) e vaksinen nan lè yo dwe vaksinen. Refere w nan Depatman Lasante si w gen keksyon.
- ▣ Elèv yo kapab te resevwa yon Td oswa yon Tdap pou klas 8èm jiska 12èm ane.
- ◇ Kantite dòz Hib a varye dapre laj. Si pitit ou a te gen 15 mwa lè li te resevwa premye vaksen an, se sèlman yon dòz y'ap ba li.
- Timoun nan te dwe pran vaksen varisèl la nan dat premye anivèsè l oswa apre dat sa a.
- ♦♦♦ Elèv klas Preskolè dwe kouranman seri vaksen yo e yo dwe gen yon sètifika vaksinasyon kouran.

Ou dwe ranpli yon fòm **Egzonerasyon Medikal Tanporè** (DOE code 2) k'ap gen ladann dat l'ap ekspire (fini). Si dat ki ladann nan pase oswa si w pat ranpli l, sètifika a pa valab, alò elèv la pa dwe nan lekòl la. Regleman sa a aplike pou tout fòm Egzonerasyon Medikal tanporè, kèlkeswa klas la. Lekòl yo dwe kontwole elèv ki antre ak Egzonerasyon Medikal Tanporè, e mete elèv sa yo deyò lè sètifika yo pa valab ankò, si yo pat prezante yon nouvo sètifika.

Yo aksepte **Egzonerasyon Reliye**. Ou dwe pran yo nan yon Klinik Depatman Lasante Leta.

Yo ka itilize transfè elektwonik dat vaksinasyon yo; sepandan, tout dat vaksen yo figire aklè sou yon sètifika vaksinasyon.

Enfòmasyon pi wo a yo se yon gid pou lekòl ak pèsònèl ki pa medikal itilize kòm referans rapid. Pou enfòmasyon medikal konplè, kontakte yon doktè oswa "Immunization Guidelines for School and Childcare Centers" (Gid Vaksinasyon pou Lekòl ak Sant Gadri). Disponib nan sit: www.doh.state.fl.us/disease_ctrl/immune/medical.htm